

Aplikasyon pou asistans finansyè inifòm pou depans lopital yo

Ou ka elijib pou asistans finansye lopital pou peye bòdwo w yo si w pa gen asirans, si asirans ou fin itilize, oswa si w gen asirans sante men ou gen prèv ou peye depans medikal ki totalize plis pase 10% nan revni ou. Ranpli fòmilè sa a pral kòmanse demann ou pou asistans finansye lopital la. Tout lopital nan Eta New York itilize fòmilè sa a.

Aplikasyon sa a dwe enprime nan lang prensipal¹ pasyan yo pale nan lopital la.

Non Pasyan (enfòmasyon konplè ki aplikab)

Non Pasyan (Premye, Mwayen, Dènye)		
Dat nesans (mm/jj/aaaa)		
Adrès		Apatman/Inite #
Vil	Eta	Zip
Telefòn #		
Non Paran/Gadyen oswa Reprezantan Legal (si pasyan an se yon timoun minè oswa yon adilt ki enkapab)		
Imèl (si li nesèsè)		

Enfòmasyon sou Fanmi:

Tanpri fè lis pi ba a tout manm fanmi w nan kay ou a. Kay ou a gen ladann tèt ou, mari oswa madanm ou oswa patnè lakay ou, ak nenpòt timoun oswa lòt depandan. Pa egzanp, sa a ta enkli tout moun ki nan lis sou menm deklarasyon taks la.

Revni brit vle di revni ou **anvan** yo retire taks.

Revni brit ka konpoze de salè travay (salè, konsèy, salè nan travay endepandan), revni ou pa touche (sekirite sosyal, andikap, ak benefis chomaj), kontribisyon (lajan ki soti nan fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni sekirite siplemantè).

Non Konplè	Relasyon	Total revni brit (aktyèl)
	Pèsonèl	

Lopital la ka mande w soumèt dokiman kòm prèv revni; Egzanp dokiman yo ka gen ladan yon relve peman, yon lèt patwon ou si sa aplikab, oswa Fòm 1040.

¹ «Lang Prensipal yo» gen ladan nenpòt lang ki itilize pou kominike nan omwen 5% vizit pasyan yo chak ane, oswa nenpòt lang plis pase 1% popilasyon zòn sèvis lopital prensipal yo pale, jan yo kalkile lè l sèvi avèk enfòmasyon demografik ki disponib nan Biwo Resansman Etazini an, ak done ki soti nan sistèm lekòl yo.

Estatir Asirans Sante

Èske w gen nenpòt fòm asirans sante, tankou Medicaid, Medicare, oswa asirans prive atravè patwon w oswa ou achte poukont ou? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn «Non», èske w ta renmen èd pou w aplike pou nenpòt nan pwogram sa yo?

☐ Wi ☐ Non

Pasyan ki pa gen asirans: moun ki gen asirans ak gwo depans medikal. Si w gen asirans, tanpri bay yon estimasyon bòdwo medikal ou te peye nan 12 mwa ki sot pase yo.

\$

Lopital la ka mande w soumèt dokiman yo kòm prèv ou peye pou depans medikal yo.

Pasyan/Pati ki responsab: Si se pa pasyan an, lis non moun ki siyen fòmilè lan ak otorite yo pou l siyen nan non pasyan an (pa egzanp, mari oswa madanm, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann enfòmasyon mwen soumèt yo ka sijè a verifikasyon soti nan sous ekstèn. Mwen sètifye enfòmasyon yo se verite e yo konplè dapre sa mwen konnen.

Non Pasyan an	Dat:
Relasyon ak Pasyan	
Siyati	

Elijiblite Minimòm ak Gid

Kalandriye aplikasyon an, Dwa Pasyan yo, ak Konfidansyalite

- Ou ka aplike pou asistans finansye nenpòt moman pandan pwosesis koleksyon an.
- Ou pa oblije fè okenn peman nan lopital sa a jiskaske ou resevwa yon desizyon sou aplikasyon w pou asistans finansye. Lopital yo pa ka voye kont yo nan koleksyon pandan aplikasyon w lan annatant.
- Si yo refize w èd finansyè, ou gen dwa fè apèl. N ap mete enfòmasyon sou fason pou w fè sa nan avi lopital ou resevwa a. Ou ka gen dwa fè apèl kont kantite asistans finansyè ou. Lopital la pral mete enfòmasyon sou fason pou fè apèl nan lèt desizyon yo.
- Lopital yo pa kapab voye bòdwo ki poko peye yo bay yon ajans koleksyon pandan omwen 180 jou apre premye bòdwo w la.
- Lopital yo entèdi pou yo pran aksyon legal, tankou pote plent, pou rekipere bòdwo medikal ki poko peye pou pasyan ki pi ba pase 400% nivo povrete federal la. Ou ka jwenn direktiv povrete isit la: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>
- Nenpòt enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a pral sèlman itilize nan lopital la pou detèmine kalifikasyon w pou asistans finansye epi yo pral rete konfidansyèl nan limit lalwa pèmèt.
- Yon lopital pa ka refize w sèvis medikal ki nesèsè paske w gen yon bòdwo medikal ki poko peye.
- Si w bezwen èd pou ranpli fòmilè sa a, tanpri kontakte Biwo Asistans Finansye Rezo Sante UVM nan (802) 847-8000 oswa (800) 639-2719.
- Si ou bezwen plis èd pou ranpli aplikasyon sa a oswa pou fè apèl kont yon desizyon, ou ka kontakte Defansè Sante Kominotè yo: 888-614-5400.

Elijibilite

Pa gen anyen ki limite kapasite yon lopital pou etabli kalifikasyon pasyan pou rediksyon peman onivo revni ki pi wo pase sa yo espesifye anba a ak/oswa pou akòde pasyan ki kalifye yo pi gwo rediksyon peman pase sa Lwa sou Sante Piblik la egzije. Anplis de sa, sitiyasyon imigrasyon an pa dwe yon kritè kalifikasyon pou detèmine asistans finansyè.

Moun sa yo kalifye:

- Moun ki gen ti revni san asirans sante; oubyen
- moun ki pa gen ase asirans (depans medikal ki akimile nan douz dènye mwa yo ki plis pase dis pousan nan revni brit anyèl moun sa a); oubyen
- moun ki fin itilize tout benefis asirans sante yo, epi ki ka demontre yon enkapasite pou peye tout chaj yo; oubyen
- Lopital la deside si moun ki ka demontre yo pa kapab peye kopeman oswa franchiz yo a ka mande yon rediksyon oswa yon rabè.

Moun ki gen yon revni ki pa depase 400% nan papòt povrete federal la ka kalifye pou asistans finansyè.

Nivo povrete federal (2026)			
Gwosè kay la	200%	300%	400%
1 Moun	\$31,920	\$47,880	\$63,840
2 Moun	\$43,280	\$64,920	\$86,560
3 Moun	\$54,640	\$68,300	\$109,280
4 Moun	\$66,000	\$99,000	\$132,000
5 Moun	\$77,360	\$116,040	\$154,720
6 Moun	\$88,720	\$133,080	\$177,440
7 Moun	\$100,080	\$150,120	\$200,160

Mizajou anyèl: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

To rabè minimòm

Si ou gen dwa jwenn asistans finansyè, y ap diminye frè ou yo selon revni ou, dapre yon echèl glisman jan sa a:

Nivo revni	Peman
Mwens 200% FPL	Anile tout depans yo
200% - 300% FPL	Pasyan ki pa gen asirans: Echèl glisman jiska 10% nan kantite lajan Medicaid ta peye pou sèvis(yo) a(yo). Pasyan ki pa gen ase asirans: Jiska yon maksimòm de 10% nan kantite lajan ki ta dwe peye anba kolaborasyon depans asirans pasyan an.
301% - 400% FPL	Pasyan ki pa gen asirans: Echèl glisman jiska 20% nan kantite lajan Medicaid ta peye pou sèvis(yo) Pasyan ki pa gen ase asirans: Jiska yon maksimòm de 20% nan kantite lajan ki ta dwe peye anba plan pataj depans asirans pasyan an.

Plan peman an vèsman

Yo ofri plan peman pou pasyan ki pa kapab peye tout pri redwi a an yon sèl fwa. Peman mansyèl yo pa ka depase 5% nan revni brit mansyèl ou epi to enterè yo fè pasyan an peye sou balans ki rete a, si genyen, pa ka depase 2%.

Demann pou prè revni kay la

Tanpri mete enfòmasyon konsènan revni pasyan an, mari oswa madanm li, ak nenpòt moun ki sou kont li (tankou timoun). Pa egzanp, sa ta vle di mete tout moun ki nan lis sou menm deklarasyon taks la (kontribyab la, mari oswa madanm li ak moun ki depann de li finansyèman) nan kalkil revni kay la.

Men yon lis dokiman ou ka itilize pou pwouve revni ou. Ou pa oblije bay tout dokiman sa yo. Ou kapab tou bay yon deklarasyon ki di ou pa gen revni nan kay la si ou pa gen okenn revni.

Ou kapab tou bay paj «Detèminasyon Elijibilite» nan mache asirans sante Eta Nouyòk la. Si w gen dokiman sa a, ou pa bezwen bay lopital la lòt enfòmasyon sou revni ki nan lis anba a.

<u>Si kay la resevwa:</u>	<u>Montan pa mwa:</u>	<u>Aplikan an ka bay:</u>
Salè	\$	Tanpri bay yon fichye peman oswa yon lèt ki soti nan anplwayè a sou papye ak antet konpayi an, siyen epi date, oswa dènye deklarasyon taks ou te depoze a.
Peman sekirite sosyal	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan oswa korespondans ki soti Ozetazini. Administrasyon sekirite sosyal, oubyen lèt benefis anyèl. Pou mande yon kopi lèt benefis Sekirite Sosyal ou, rele 1-800-772-1213 oubyen vizite www.ssa.gov .
Benefis chomaj	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan oswa deklarasyon mansyèl benefis yo ki soti nan Depatman Travay Eta New York la, oubyen kopi kat peman dirèk la ak enprime, oubyen korespondans ki soti nan Depatman Travay Eta New York la, oubyen enprime enfòmasyon kont benefisyè a ki soti nan sitwèb Depatman Travay Eta New York la. (www.labor.state.ny.us).
Peman pou andikap	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan, oubyen korespondans ki soti nan administrasyon sekirite sosyal la, oubyen kopi lèt benefis anyèl la. Pou mande yon kopi lèt benefis ou, rele 1-800-772-1213 oubyen vizite sit entènèt www.ssa.gov .
Konpansasyon pou travayè yo	\$	Kopi lèt alokasyon an oswa souch chèk la.
Pansyon alimantè/ Sipò pou timoun	\$	Kopi lòd tribinal la oswa chèk/resi ki te ankase pou 3 dènye mwa yo.
Dividann/Enterè	\$	Deklarasyon dividann trimèstryèl oswa deklarasyon mansyèl.
Lòt	\$	Lèt ki endike kantite lajan revni ki pa soti nan salè (si sa aplikab), tankou revni lokasyon, revni ki soti nan ti travay, elatriye.
Pa gen revni	\$0	Deklarasyon siyen ki ateste absans revni.